

## **REKÒMANDASYON POU FONKSYONMAN MAKÈT PANDAN IJANS SANITÈ/ Pou fonksyonman etablisman**

- Dezinye yon responsab ki pou kòdone ak kontwole kondisyon ijèn etablisman chak fwa moun yo ap rantrè travay
- Dezenfekte sipèfisi ak sol (**espas moun pile**) avèk kloros, avan nou resevwa kliyan, fè sa chak 2 zè tan pandan jounen an epi chak fwa nou fin fèmen.
- Dezenfekte manch charyo ak kloros chak 2 zè tan,
- Instale dispansè alkòl gèl pou amplwaye ak kliyan yo
- Kontwole aksè makèt yo; kantite moun ki dwe rantrè a pa dwe pliske 10.
- Fè tout mwayen posib pou gen distans 1 mètr antre youn kliyan ak yon lòt.
- Ouvwi etablisman (**Lokal**) pou 6 zè tan maksimòm.
- Bay priyorite ak tigranmoun epi sila yo ki gen dwa ak atansyon preferansyèl.

## **REKÒMANDASYON POU FONKSYONMAN MAKÈT YO PANDAN IJANS SANITÈ / Pou sekirite travayè ak travayèz:**

- **Ranfòse tout kondisyon sekirite ak sante ki nan lejislasyon ki valad jouk jounen jodia.**
- Pa itilize kachnen ki reutilizab, sòf si gen reglemantasyon ki pèmèt ou fè sa nan travay wap fè a tankou Bouchri, moun kap van pwason, moun kap van nan boutik poum site ka sa yo sèlman, ou dwe chanje kachnen chak 2 zè tan oubyen si li mouye.
- Pran 1 mètr distans antre chak moun kap travay espesyalman moun ki sou kès ak sila yo kap manipile aliman.
- Toujou itilize gan ak pwoteksyon tèt pou moun kap manipile aliman epi chanje yo chak fwa nou fin resevwa yon kliyan.
- Pou travayè ak travayèz kap manipile lajan likid, li enpòtan pou yo pran yon pòz chak 30 minit, lave men yo ak savon epi seche men yo ak papye.

## **REKÒMANDASYON POU FONKSYONMAN MAKÈT YO PANDAN IJANS SANITÈ / Pou pwoteksyon popilasyon an jeneral**

- Li enpòtan pou'n ta peye avèk kat jis pou evite manyen lajan epi gen kontak avèk kesye ak kesyè
- Pwòpte klave machin yo peye ak yon twal ki gen kloros chak fwa yon kliyan fin itilize li.
- Respekte 1 mètr distans antre yon kliyan ak yon lòt nan ran pou moun yo al peye.
- Asire gen savon ak dlo disponib epi mete papye nan twalèt pou kliyan ak travayè.
- Li preferab ke moun kap mete pwodwi nan sachè yo pa travay jis pou evite ogmante posibilite pou moun kontaje
- Limit acha yo, yon moun paka achte pliske 3 pwodwi ijèn pèsònèl ak bagay pou fè pwòpte nan kay, li enpòtan pou yon bon kantite nan popilasyon an gen aksè ak bagay sa yo.

### **MEZI KI REKÒMANDE POU FONKSYOMAN TILOKA (BOUTIK, MINIMAKÈT) PANDAN IJANS SANITÈ**

- Dezenfekte sipèfisi, sol (**kote moun kanpe**), mete yon ajan dezenfektè nan rantrè a pou kliyan yo epi netwaye espas la chak 2 zè tan, pwopte li apre nou fin fèmen.
- Revevwa moun yo nan gichè (TIFENÈT) si se posib, si pa gen mwayen pou sa, pran distan 1 mètr antre vandè / vandèz la ak kliyan.
- Limite aksè pou moun rantrè nan espas la jis pou garanti distans 1 mètr antre kliyan yo.
- Dispoze dispansè alkòl gèl pou moun ki nan lokal la ak kliyan yo.
- Lave men nou avèk dlo ak savon pandan 20 segond pou pipiti epi seche men nou ak papye.
- Si wap manipile aliman tankou pen, jabon, fomaj, itilize gan lateks. Chanje li chak fwa nou fin resevwa yon moun.
- Evita manipile (**Resevwa oubyen bay lajan**) ak gan nan men nou.

### **MEZI KI REKÒMANDE POU FONKSYONMAN MACHE LIB, MACHE PWASON PANDAN IJAN SANITÈ.**

Anplis mezi ijèn abityèl ki gen pou aliman:

- Responsab mache lib ak mache pwason (Prezidan sendika oubyen lòt òganizasyon) dwe asesire li ke pyès moun ki gen sentòn respitwa pa al travay. Menm jan, mande pou tout moun ki pliske 60 lane rete nan izolman lakay yo
- Mete yon bidon dlo ki gen tiyo ak 0,05 % kloros nan yon distans de 10 mètr pou kliyan ak vandè, vandèz yo kapab lave men yo. Pou prepare dlo ki nan bidon an, se yon kiyè kloros pou 1 lit dlo. Pou ou pa boule, li konseye pou ou itilize gan ak linèt nan pwosesis la .
- Asire pou pipiti 1 mètr distans antre vandè ak kliyan ; kenbe menm distan la antre kliyan yo.
- Si wap manipile aliman, tankou jabon, fomaj ak pen, itilize gan lateks. Chanje li chak fwa ou fin resevwa moun. Nan lokal la dwe gen yon lòt moun kap manipile lajan.
- Lave men nou avèk dlo ak savon pandan 20 segond chak 1 nè tan epi seche men nou ak papye.